

Politik osijè Angajman Paran yo

Pwogram Tit I – Lekòl Piblik Norwood yo

Lekòl Piblik Norwood yo rekonèt paran/fanmi se premye pwofesè ki gen plis enfliyans sou timoun yo epi patisipasyon san rete paran yo nan edikasyon timoun/jennjan kontribye anpil nan sikè elèv yo epi kreye yon anviwònman lekòl ki pozitif.

Lè lekòl yo travay ansanm ak fanmi yo pou sipòte aprann, timoun yo gen plis dispozisyon pou jwenn siksè pa sèlman lekòl la, men nan lavi tou. Trant lane rechèch te montre patisipasyon paran yo nan eskolarite amelyore jan elèv yo aprann. Patisipasyon paran ak fanmi yo enpòtan anpil non sèlman nan kòmansman pwosesis edikasyon an mentou pandan tout karyè akademik pitit la.

Tout pataje edikasyon yon timoun resevwa: lekòl la ansanm ak tout fanmi an pandan tout tan timoun lan pase lekòl la. Pou sipòte objektif distri lekòl la pou edike tout elèv yo kòrèkteman, se pou anplwaye ak paran yo travay antanke patnè ki konprann jan bagay yo dwe fèt. Lekòl Piblik Norwood yo, an kolaborasyon ak paran yo, pral etabli pwogram ak pratik ki amelyore angajman paran yo epi ki reflete bezwen espesifik elèv ak fanmi yo.

Pou sa, Lekòl Piblik Norwood yo ansanm ak Konsèy Paran Tit I ankouraje devlopman, enplemantasyon ak evalyasyon regilye angajman paran yo nan chak lekòl ak onivo distri a, ki pral angaje paran yo nan tout klas yo nan divès pozisyon. Patisipasyon paran yo dwe konple ak kowòdone pa definisyon. Yo gen ladann, san yo pa limite ak eleman pwogram angajman paran ki gen anpil siksè tankou sa ki dekri anba la a:

- **Kominikasyon:** Kominikasyon regilyèman ant lakay ak lekòl la yon fason ki fè sans epi ki pozitif pou tout moun.
- **Metòd pou Leve Timoun:** Yo pwomouvwa metòd pou leve timoun ki pozitif.
- **Aprantisaj Elèv yo:** Paran yo gen yon wol enpòtan pou ede elèv yo aprann epi pou travay epi bay pwofesè salklas la soutyen.
- **Voluntarya:** Nou kontan akeyi paran yo lekòl la epi nou bezwen yo, ansanm ak sipò ak asistans yo.
- **Pran Desizyon nan Lekòl la ak Defans Enterè:** Paran se patnè nou epi se pou yo kontribye nan desizyon ki afekte timoun ak fanmi yo, lè sa apwopriye.
- **Kolaborasyon ak Kominote a:** Resous kominote a disponib pou ranfòse pwogram lekòl yo, pratik fanmi yo ak aprantisaj elèv yo.

Lekòl Piblik Norwood yo ankouraje opòtinite devlopman pwofesyonèl pou anplwaye yo pou amelyore konpreyansyon de estrateji angajman paran yo ki efikas. Lekòl Piblik Norwood rekonèt tou enpòtans lidèchip administratif pou fikse atant yo epi pou kreye yon anviwònman ki ankouraje paran yo patisipe.

Li esansyèl pou nou envite paran yo patisipe pou nou kapab amelyore akonplisman elèv yo. Lekòl Piblik Norwood yo pral pwomouvwa ak sipòte patisipasyon aktiv paran yo.